# Нийсо
РАВЕНСТВО

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ общественно-политическая газета ДАГЕСТАН






● №24 (1296) ● Четверг, 25 июня 2026 г. ● Выходит на чеченском и русском языках


ВРИО ГЛАВЫ РД

## Фёдор Щукин вручил награды депутатам на сессии парламента Дагестана

**Нынешний депутатский корпус, который возглавляет Председатель НС РД Заур Аскендеров, пятьдесят седьмой сессией завершил свой законодательный цикл. В работе Парламента принял участие Временно исполняющий обязанности Главы региона Федор Щукин.**



Председатель Народного Собрания Заур Аскендеров, выступая на заключительной сессии, отметил положительную динамику в социально-экономическом развитии Дагестана. Он заявил, что растут доходы консолидированного бюджета и заработная плата, повышается инвестиционная привлекательность региона.

По его мнению, принимаемые законы создают правовую основу для эффективной работы исполнительной власти. Всего за пять лет работы парламентом принято более 500 законов.

**Врио главы Дагестана Фёдор Щукин принял участие в заключительной, 57-й сессии Народного Собрания республики седьмого созыва. Он вручил государственные награды парламентариям.**

Медаль «За доблестный труд» была вручена председателю Народного Собрания Зауру Аскендерову. Депутат Али Алиев отмечен Почётной грамотой Республики Дагестан. Депутату Руслану Ибрагимову вручены памятные именные часы.

По словам Фёдора Щукина, депутатский корпус принял 15 законов, направленных на поддержку участников специальной военной операции и членов их семей. Этими решениями введено более 30 дополнительных мер. В структуре парламента одним из первых в стране был создан Комитет по делам ветеранов и участников СВО. Оказывалось содействие реализации кадровой программы «Доблесть гор».

Депутат Народного Собрания Руслан Мавланович в свое время был награжден Почетным знаком Народного Собрания Республики Дагестан «За развитие Парламентаризма».



Он много лет успешно трудился начальником Управления образования города Хасавюрт и заместителем главы МО ГО «г. Хасавюрт». В депутатском корпусе он является заместителем председателя Комитета по образованию и науке НС РД.

Отраден и тот факт, что награждение Р. М. Ибрагимова состоялось в канун его семидесятилетия.

Творческий коллектив РРГ «Нийсо–Дагестан» искренне и сердечно поздравляет Руслана Мавлановича с плодотворной работой в законодательном корпусе Республики Дагестан и с замечательным юбилеем!

От всей души желаем Вам, Руслан Мавланович, крепкого здоровья и долгих лет жизни и, естественно, успехов в деле служения многонациональному дагестанскому народу! А всем нам - мира и согласия!

ДР-н ПРАВИТЕЛЬСТВО

## Рамазанов Магомеда Адильотарахь керла школа йан кечамаш бар теллира

**Дагестанан премьер-министр Рамазанов Магомед Хасавюьртан к1оштахь хилира. Цуьнан коьрта 1алашо – хиллачу хидестаро зе дина меттигаш талла а, ц1ано йарна т1ехь терго латто а, социальни объекташ йан кечам барна т1ехь терго латто а.**



Адильотар йуьртахь Рамазановс теллира кестта 362 дешархочунна лерина керла школа йан йолор йолу меттиг. Х1инца йолу г1ишлона хиллачу хидестаро ч1ог1а зе дина, тойан йиш йоцуш. Керла объект йийр йу кхузаманан технологех а.

Х1инцале а цу меттигехь кечамбаран болх чекхбаьлла. Йоьхна шира школа йуьззина д1а а д1айаьккхина, инженерни а, геологин а талламаш бина, латта нисдина. Йигахь, дешаран г1ишло йоцург, шен котельни а, меттигера боьха хи ц1андеш йолу станци а хир йу.

Дагестанан 1аламан ресурсийн а, орцан а министерствос боккха болх д1ахьош бу, кхин д1а чолхе хьал ца хилийтархьама. Говзанчаша хин йист ц1анъйеш, берд ч1аг1деш бу.

Бохам хиллачул т1аьхьа некъан а, орцан а сервисашна жигара г1о деш болчу меттигерчу бахархошца къамел дина Рамазанов Магомеда. Хин бердаш лардарехь шайн хетарг довзийтира йуьртахоша премьер-министре. Цо хьакъболчу говзанчашна т1едиллира меттигерчу бахархойн хетачунна к1орггера анализ йан а, бийр болчу балха т1ехь уьш тидаме эца а.

Хи хьаладаларца йоьзна анпал д1айаккхарехь массо а аг1ор некъ д1ахьош бу республикин куьйгалло. Х1инцале т1еч1аг1йина 2027-чу шарна лерина йехачу хенан белхан план а. Цу йукъа йог1у Акташ хин меттах1отторан йоккха проект, т1ейог1учу хенахь гергарчу нах бехачу меттигашна хи хьаладаларан кхерам лахбийр болуш.





**Кечйинарг - БИБУЛАТОВА Iайнаъ**

# Боевой путь гвардии майора Аслана Набиева

Гвардии майор Аслан Низамиевич Набиев родился 02.01.1990 г. в с. Куруш Хасавюртовского района РД.

С 1996 года по 2007 год обучался в СОШ№2 в с. Куруш. Окончил с отличием и поступил в Тульский артиллерийский инженерный институт. В 2010 году, в связи с организационно-штатными мероприятиями в ВС РФ, институт был расформирован и дальнейшую учебу продолжил в Пензенском артиллерийском инженерном институте. По его окончанию в 2012 году с присвоением первого офицерского звания «лейтенант» по специальности «Эксплуатация и ремонт ракетно-артиллерийского вооружения» был распределен в распоряжение командира 38 отдельной гвардейской мотострелковой бригады 35 общевойсковой армии Восточного военного округа.



Около двух лет проходил службу на должности техника службы ракетно-артиллерийского вооружения отделения (технического обеспечения) отдела (материально-технического обеспечения) 38 отдельной гвардейской мотострелковой бригады.

Затем некоторое время служил на должности помощника начальника службы ракетно-артиллерийского вооружения отделения (технического обеспечения) отдела (материально-технического обеспечения) 38 отдельной гвардейской мотострелковой бригады.

Был начальником службы ракетно-артиллерийского вооружения отделения (технического обеспечения) отдела (материально-технического обеспечения) 38 отдельной гвардейской мотострелковой бригады.

Год прослужил на должности начальника службы ракетно-артиллерийского вооружения 1 управления (подготовки мотострелковых войск) 8 общевойсковой армии Южного военного округа.

Восемь лет был на должности начальника службы ракетно-артиллерийского вооружения 34 отдельной мотострелковой бригады (горной) 49 общевойсковой армии Южного военного округа.

Принимал непосредственное участие в выполнении специальных задач.

С 24 февраля 2022 года по 11.07.2022 года выполнял специальные задачи в зоне проведения СВО.

Гвардии майор Аслан Набиев 23 марта 2022 года, находясь под артиллерийским обстрелом противника, лично осуществлял подвоз боеприпасов в н.п. Белогорка Николаевской области.

При перемещении в указанный район была выведена из строя машина подвоза боеприпасов. Гвардии майор имеющимися средствами устранил неисправность и, проявляя мужество, отвагу и самоотверженность под артиллерийским обстрелом, продолжил движение по заданному маршруту в указанный район, тем самым своевременно обеспечив подразделения бригады необходимыми боеприпасами.

С 17 апреля 2022 года по 19 апреля 2022 года, несмотря на артиллерийские обстрелы со стороны противника, организовал эвакуацию неисправной техники ракетно-артиллерийского вооружения с переднего края на сборный пункт приема поврежденных машин. Всего под его руководством было эвакуировано более 15 единиц военной техники.

В мае по июнь того же года организовал артиллерийско-техническое обеспечение подразделений бригады, руководил перемещением ракет и боеприпасов на позиции и в назначенные районы, не допустив при этом потерь в личном составе и техники.

18 июня 2022 года, после нанесенного ракетного удара противника по перегрузочному пункту ракет и боеприпасов в н.п. Костромка, организовал эвакуацию 10 единиц техники транспорта подвоза войсковыми запасами ракет и боеприпасов бригады в безопасное место, при этом потерь личного состава и техники не допустил.

11 июля 2022 года, после нанесенного ракетного удара противника по перегрузочному пункту ракет и боеприпасов в н.п. Новая Каховка Херсонской области, при непрекращающихся разрывах артиллерийских боеприпасов и ракет , был ранен.

Несмотря на полученное ранение, благодаря самоотверженности и лидерским качествам, организовал эвакуацию личного состава в количестве 29 человек и исправной техники в безопасный район, при этом потерь личного состава не допустил.

После полученного ранения был госпитализирован в мобильный госпиталь в Новой Каховке с последующей отправкой в госпиталь г. Севастополь с дальнейшей реабилитацией в другие военные госпитали МО РФ.

14.03.2025 года уволен с военной службы с зачислением в отставку по состоянию здоровья в связи с признанием военно-врачебной комиссией не годным к военной службе.

В период прохождения службы в 34 отдельной мотострелковой бригаде (горной) многократно исполнял обязанности начальника штаба и командира бригады.

После гибели штатного заместителя командира 34 бригады по вооружению в зоне проведения СВО, временное исполнение обязанностей было возложено на гвардии майора А.Н. Набиева в период с 02.03.2022 года по 11.07.2022 года, с которыми он справился добросовестно.

Имеет государственные и ведомственные награды:

***- медаль за боевые отличия;***

***- медаль за отвагу; медаль за службу на Кавказе;***

***- медаль участника СВО;***

***- медаль за отличие в военной службе II степени;***

***- медаль за отличие в военной службе III степени.***

***В период прохождения службы имеет благодарственные письма и грамоты от командования командиров бригад, армий и округа.***

***Аслан Низамиевич - отец четверых детей: трех дочерей и сына.***

**Акиф ЛАЗИМОВ, психолог Курушской СОШ №1**

**РОССИН ЭСКАРЕХЬ КОНТРАКТНИ ГIУЛЛАКХ ДIАДАХЬАР**

Дагестанехь, контракт х1оттийча, республикерчу бахархошна 1 миллион сом кхаччалц ахча лур ду: 500 эзар сом – республикера, 400 эзар сом – федеральни бюджетера, ткъа 100 эзар сом – г1аланашкара а, к1ошташкара а.

**Дагестан Республикина лерина къасторан пункт**
**8(989)484-69-95**



# Сулейманов Ахьмадан синна бIов

**Нохч-Г1алг1айн АССР-н халкъан поэт Сулейманов Ахьмад вина 1922-чу шеран х1утосург беттахь 1-чу дийнахь Хьалха-Мартан к1оштарчу Олхазар-к1отарахь Горский АССР-хь. Дешна Нохч-Г1алг1айн пачхьалкхан хьехархойн институтехь. Дуккха шерашкахь хьехархочунна, школин директоран белхаш бина, яздархойн Союзан исбаьхьаллин литературина пропаганда йаран Бюрон куьйгалхо лаьттина. Сулейманов Ахьмад - нохчийн 1илманча, кавказйовзархо, хьехархо, поэт, художник, музыкант хилла.**



Шен кхоллараллин болх А.Сулеймановс 30-чу шерийн чаккхенехь болийра. «Безаммий, шаьлтий» ц1е йолу стихийн хьалхара гулар арайаьлла 1967-чу шарахь. Х1етахь дуьйна шуьйра йовза йолало поэтан ц1е. Йешархоша а, критикаша а лаккхара мах хадийра поэтан цул т1аьхьа арайийлинчу «Дог дохден ц1е», «Лаьмнийн шовданаш», «Лаьмнийн мукъамаш», «Даймехкан некъаш» ц1ерш йолчу стихийн гуларийн. «Цхьа-ши дош» книга йазйарна Нохч-Г1алг1айн Пачхьалкхан совг1атан лауреат а хилира Сулейманов Ахьмадах. Ахьмадан дуккха а байташ иллешка, эшаршка йирзина, халкъана шуьйра йевзаш а, йезаш а йу. Вевзаш ву цо йазйина Нохчийн а, Г1алг1айн а мехкан топонимех а, тайпанех а лаьцна книгаш бахьанехь. Цунна йелира Нохч-Г1алг1айн Ре-



спубликин Халкъан поэтан ц1е. Иза вара Нохчийчоьнан а, СССР-н а йаздархойн Союзийн декъашхо.

Асаран беттан 20-чу дийнахь Сулейманов Ахьмадан дай баьхначу йуьртахь - Олхазар-к1отарахь, йаздархочунна ц1арахчу Литературни мемориальни музейна уллехь, цунна сий деш нохчийн б1ов схьайоьллуш, саг1а а доккхуш, церемони хилира.

Ала деза, Ахьмадан д1акхелхар хилира асаран беттан 20-чу дийнахь 31 шо хьалха - 1995-чу шарахь. Ткъа б1ов йина - йуьртарчу вахархочо, сийлахь-воккхачу патриот-меценато Эсиев Ибрах1има.

Гуламехь Нохчийн Республикера а, иштта луларчу Дег1аста Республикера а дуккха а г1арабевлла 1еламнах, парламентан декъашхой, гергарнаш, ц1еяхана артисташ бара. Ша б1ов ширачу б1ешерашкахь лаьттинчу нохчийн г1ишлойн кепехь йина, 20 метр лекха а, пхи чоь а йолуш.

Мероприяти схьайиллира Хаважас, Сулейманов Ахьмад дика вевзаш волчу историко. Цо билгалдаьккхира, Ахьмад дукха хенахь дуьйна школана уллехь б1ов йилла лууш хилар.

- Вайна ма-хаьара, вайн къам йукъахь дуккха а хьалдолу нах бу, амма цуьнан лаам вайна массарна а вевзаш волчу Эсиев Ибрах1иман дахаре дерзийна - цунна вай 1аламат доккха баркалла олу. Дала бекхам бойла, могашалла лойла цунна, - элира



Хаважас.

Дош делира **Нохчийн Республикин Академин вице-президент хилла волу Дадашев Мохьмадна:**

- Дела реза хуьлда х1окху мероприятина кхузахь гулбеллачьарна массарна а! Сулейманов Ахьмадан кхолларалла суна духхьара йевзира школехь доьшуш волуш. Цуьнан произведенеш йеша, йа цуьнан ц1е йаккха ца могуьйтуш зама йара цхьана хенахь. Цуьнан «Шовда» ц1е йолу произведени боккъалла а дагах кхеттера суна.

Иштта, со 1илманийн академехь болх беш волуш, цуьнан дуккха а белхаш бевзира суна, шайна йукъахь топонимих лаьцна берш а болуш. Цуьнан йиъ произведени зорбане йаьлла - 1976 шарера 1985 шаре кхаччалц. 1илманча г1аш лелаш вара - йарташна уллехь четарш х1оттой, лаьмнийн, хин, 1индаг1ийн, ширачу меттигийн ц1ераш д1айазйора меттигерчу баккхийчаьргара. Книгашна т1ехь эзарнаш микротопонимаш йу, церан ма1наш а, вайнехан исторически хиламашца йолу з1енаш а къастош. Ша цхьаьна цо кхочушдира йерриге а институто пхеа шарахь бен кхочушдан йиш йоцу г1уллакх.

**Бугаев Абдулл - исторически 1илманийн кандидат, Нохчийн Республикин Парламентан Председателан г1оьнча.**

- Сулейманов Ахьман суна дика вевзара хьалха, со Нохч-Г1алг1айн АССР-н Лаккхарчу Кхеташонан депутат волуш. Шен халкъан дуьхьа къахьоьгуш, цуьнан истори йазйина цо. Ткъа тахана а цуьнан бух болчу произведенешна т1аьхьа д1ах1оттадо вай. И ирс дитина цо вайна.

Ибрах1им, баркалла хьуна ахь х1окху б1овна т1ехь бинчу боккхачу балхана, къинхьегамна! Аллах1 Дала могашалла лойла хьуна! Шу йуьрт махка йуькъахь йоккха метиг лоцуш йу.

**Дена Батаев, технически 1илманийн доктор, профессор, АН ЧР- академик.**

- Ширачу заманахь дуьйна б1овнаш нохчийн халкъана къоман дозалла, парг1ато, шайн дайшца йоьхна йоцчу з1енан йеза билгало хилла д1ах1оьттина. Вайнахана цара исторехь гойтуш хилла т1екхача йиш йоцуш хилар, доьзалан сий, кхераме тховк1ело, шайн культурин т1аьхьенан синан санна г1уллакх деш. Ас дуккха а ойла йина, мел тамашийна йу и проект вовшахтоьхна кхузахь - Сулейманов Ахьмадан музейна уллехь б1ов йан ойла кхоллайалар. Дуккха а некъаш дина цо, вайн махкана латтанаш толлуш, дуьйцуш. Тахана цуьнан ма1данаш



доккха ма1на долуш ду вайна. Доккха баркалла ала лаьа Ибрах1имна, цо бинчу балхана!

**Бексултанов Муса - Нохчийн Республикин халкъан йаздархо.**

- Хазахета суна ас Сулейманов Ахьмадца цхьаьна болх бина хилар а, иза сайна дика вевзаш хилар а. Дуккха а пох1ма, боккха лаам болуш стаг вара иза. Кхузахь х1инцале а дуккха а наха дийцина цунах лаьцна, цундела йуха а дийца ла лаьа суна. Цуьнан произведенеш нохчийн литературни



классика йу аьлла бен эр дац ас. Ткъа цуьнан топонимих лаьцна белхаш, мах боцу хазна йу вайна массарна а, вайн т1аьхьенна а.

**Ельсаев Аламахьад - Нохчийн Республикин яздархойн Союзан председатель.**

- Сулейманов Ахьмада шен б1ов йоьг1на. Цо и шена а, Ибрах1имна а йоьг1на. Дуьххьара Сулейманов Ахьмад вевзира суна студент волу шерашкахь. Цхьана барамехь цо аьлла



дешнаш сан иэсехь дисира. Церан ма1на: «И лекха лам санна доккха вай къам хилча , со реза вара жима т1улг а хилла цу ламанан лахахь ваха».

Доккха баркалла шуна массарна а кхуза дахкарна!

**Якиев 1умар - «Нийсо-Дагестан» газетан коьрта редактор.**

- Со коллегашца Дагестанера схьавеъна, тайпана ч1аьнти ву .



- Тхоьх, дагестанерчу нохчашех лаьцна, цхьаммо йаздина дацара. Советан 1едал долчу хенахь А. Сулейманов Дагестане веара топонимех лаьцна материал гулйан, амма меттигерчу 1едало цунна новкъарло йира. СССР пачхьалк йоьхначул т1аьхьа эххар йуха а схьавеара. Тхан редакцера д1аволавелира иза.

Редакционни машенахь Хасавюртехула а, цунна гонаха йолчу районашкахула а, Махачкалахула а чекхделира тхо.

Масех к1ирнах дуккха а материал гулйира цо. Х1етахь дуьйна з1енехь лаьтташ ду тхо. Ткъа А.Сулеймановн музейн директоран Сулейманова Совдатан доьзалца тахана а доттаг1алла лелош а ду. Эсиев Ибрагима кхочушдинарг мах хадо йиш йоцуш ду. Оха доккха баркалла боху цунна!

Шен рог1ехь Якиев 1умара Ибрах1имна совг1атна б1овнан макет йелира.

**Токаев Сулейман - Нохчийн Республикин халкъан артист, Россин Федерацин хьакъволу артист.**

- Сулейманов Ахьмадца дуккха а цхьанакхетарш нисделира сан. Тайп-тайпанчу мероприятешкахь, концерташкахь, юбилейшкахь, презентацешкахь вовшахккхетта тхо. Тхан драматически театрехь а цхьаьнакхетарш хуьлура, цига кест-кеста вог1ура иза. Цуьнца муьлхха а тема йийцаре йан йиш йара сан.

Тахана вай оцу меттигехь б1ов схьайоьллуш хилар вуно



ма1не хилам бу. Баркалла ала лаьа суна Эсиев Ибрах1имна а! Дела реза хуьлда шуна массарна!

Иштта кхид1а вистхилира: Нохчийн Республикин филологин, историн, бакъонан институтан директор Мусханова Йисита, Бугаев 1абдул - 1илманча-историк, Россин Федерации йаздархойн Союзан декъашхо Умхаев Хьамзат, Нохчийн Республикин композиторийн союзан председатель Даудов Рамзан.

Билгалдаккха дог1у, Сулейманов Ахьмадан стихашна иллеш а Нохчийн Республикин халкъан артисташа д1аолуш хилар.

Церемони д1айаьхьначул т1аьхьа музейн кертахь бовха делкъан кхачанца саг1а а даьккхира.



А.Сулеймановн ц1арахчу музейн директоро Сулейманова Саудата даггара баркалла элира хене ца хьоьжуш мероприяте баьхкинчу массо а хьешашна.

**СОИПОВ Iилмади**
**Хасавюрт-Алхазурово, ЧР**

ТУРПАЛАХ ДОШ

# Вайна массарна а хьехам...



Тахана массо а пачхьалкхана хаьаш ду Ингушетера Карабулакерчу бархI шо долчу Дербичев Хизира, шен доттаг1 карзахдаьллачу хи чу воьдуш гича, массарна хьехам хилла аьлла долу дешнаш: «К1елхьарваккха вай иза, вай къонахий ма ду!».

Х1окху беттан 15-чохь дара иза... Чехка доьдучу хи чу а иккхина, шен доттаг1 цу чуьра араваккха г1ерташ, ша а къинхетам боцчу хин 1овро д1авигира Хизир.

Нийсса бархI дийнахь дехьа-сехьа Кавказера а, массо а пачхьалкхера а эзарнаш волонтераш, хинан шелоне а, к1адбаларе а ца хьоьжуш, дийнахь а, буса а Сунжа хи а, цуьнан бердаш а кегийра, Хизир кароре сатуьйсуш... Уьш оцу деношкахь къомашна а, тайпашна а бекъалуш бацара. Массо а башхаллаш д1айаьлла йара халачу хенахь - исламан вежаралла бен ца йисира.

Г1алг1айчуьра, Нохчийчуьра, Дагестанера, Къилбаседа Х1ирийчуьра, Г1ебарта-Балкхаройчуьра, Кхарачойн-Черкезийчуьра волонтераш - берриге а цхьаьна а кхетта, болх д1абаьхьира. Макка 1умрат дан воьдуш волу Г1ирг1изойчуьра к1ант а оцу балана т1ехвала ца велира - Хизир лоьхучарех д1акхийтина вара иза а.

Сунжица а, цуьнан бердаца а вайна гуш берг беккъа цхьа лехамаш д1абахьар болу болх бацара. Наб а, йуург а, шен могашалла а йицъйеш, д1ах1оьттинера шаберш. Цхьана бусалба стеган лазам массеран лазам хилла д1ах1оьттира, г1о дан ницкъ кхочуш берш берриге а г1о дан хьалаг1оьвтира.



Х1ора бусалба стага Сийлахь-Везачуьнга Хизир могушмаьрша карор дара доьхуш дерг, амма Делан лаам иштта хилла-кх...

Х1окху беттан 22-чохь, жима к1ант хино д1аваьхьна 8-чу дийнахь, массера дегнаш 1овжош хаам беара - Хизир Сунжи чохь велла карийна Троицкое поселкехь Ингушетехь, аьлла.

Цхьана а стеган кхоллам хьалхе билгалбоккхуш бац вай - дерриге а Аллах1ан карахь ду, амма вай теша Цуьнан доза доцчу къинхетамах а, нийсонах а. Доттаг1 к1елхьара ваккхархьама хи чу вахана волу бархI шо долу к1ант, шеко йоцуш, Къинхетамечун къаьсттина 1уналлехь ву. Вай Аллах1е доьху, Хизир шах1идашна йукъахь т1елацар, цунна ялсаманин уггар лакхара даржаш далар, къемат дийнахь шен дена-нанна шафа1атхо хилийтар.

И хилам беккъа цхьа бохам хилла ца 1аш, вайн доккха дарс хилла д1ах1оьттина, бусалба динан доьналла, вежаралла гучудоккхуш.



Карабулакера жима лом доккхачу хино д1адаьхьна, амма цо динчу г1уллакхо эзарнаш адамаш цхьаьнатоьхна. Оцу бохамо дог ца лазадеш цхьа а ца витина. К1орггера ларам бан а, гуттаренна а дагахь латто а хьакъ долу г1уллакх кхочушдина цо, оццул жима воллушехь...

Ибохаме, амма дог ойъуш долу хилларг - вайна массарна а хьехам бу.

Хизирс бусулбанашна йоккха серло йитина. Оцу серлоно гойтийла вайна доьналла, барт, вай Кхоьллинчунна реза хиларан некъ!

Вай массо а кхид1а а до1анаш дийр ду оцу сирлачу к1антана. Веза-Воккхачо декъалвойла иза, дена-нанна эхартехь пайденна хуьлийла, царна ницкъ лойла! Иза санна долу бераш вайн къаьмнийн дозалла ду!

Аллах1а диканца бекхам бойла и бер лаха арабаьллачаьрна, шийла хи чохь лаьттийчаьрна, шен хан а, могашалла а, ницкъ а д1аделлачу х1оранна а!

ТЕРАХЬ

# Дикане сатуьйсу-кх...

Х1окхху беттан 25-чохь дайна берийн дуьненайукъара де ду.

Х1ора дийнахь бохург санна, вайна го ишттачу берех лаьцна керланаш. Ткъа вайх х1оранна а моьтту, и тайпа х1уманаш кинош чохь йа кхечу пачхьалкхашкахь бен ца хуьлу. Амма т1аьххарчу шерашкахь кхузахь, вайн г1алахь, а ду и тайпа хиламаш.

2021-чу шарахь х1утосург беттан 8-чохь т1епаза вайна, таханлерчу дийне кхаччалц карош воцчу жимачу Мухьаммадах масал далор вай. Оцу хаамо цхьа а озабезам боцуш ца витира; беран кхолламах дог ца лозуш цхьа а вацара, хетарехь. Вайна, хийрачу нахана, лан хала дара и тайпа х1ума, ткъа муха хилла хир ду иза нанна а, цуьнан вешина а, йижаршна а...

Вайн йерриге а г1ала йара, х1инца а йу, сагатдеш Мухьаммадана. Кортачохь тар ца ло и х1ума. Бераш долчу х1ораммо а шен берашца къамел деш хила деза, уьш кхетош. Х1ора денна бохург санна дийца деза цу тайпан кхерамех лаьцна.

Дахарехь ишттачу кхолламан м1аьрго вайн хир йац олийла дац.

Дукххахболчара бехке чуьра баккхийнаш бо. Х1аъ, воккханиг гуттар а бехке ву, х1унда аьлча, жоьпалла цунна т1ехь ду. Амма, йуха а, вайна 1унналла дан йиш йоцу хьелаш ду вайн дахарехь.

Х1етте а, вай сема а, тидаме а хила хьажа деза. Къаьсттина х1инца, аьхенан каникулашкахь, вайн бераш шайн лаамехь ду.

Х1ара вайна массарна а хьехам бу, ткъа ша Мухьаммадна а, цуьнан доьзална а боккъа бохам бу. Дала лардойла вайна церан меттахь хиларех.




Х1ора шарахь вайн пачхьалкхахь т1епаза вовш ву 125 эзар гергга стаг, царех 50 эзар кхиазхой а болуш. Дукха хьолахь, стаг вайна кхаа дийнахь караво. Нагахь санна цу хена чохь уьш ца карийча, лехамашкахь болчу нехан списке х1иттабо уьш...

Вайна ма-хаьара, Мухьаммад х1инца а ца карийна. 3 эзар гергга стаг вара иза лоьхуш. Царна йукъахь бара волонтераш а, бахархой а, полицин белхахой а. Цаьрца цхьаьна болх беш йара т1епаза байина нах лахарна лерина йолу Liza Alert организаци. Амма церан аьтто ца баьлла и бер каро.

Дикане бен сатийса йиш йац вайн...

Таханлерчу дийнахь Мухьаммад 9 шо кхаьчна к1ант хила везаш ву...

Асаран беттан 1-ра де берийн де ду...

И дезде лерина ду берийн дахарехь а, дешарехь а, сада1арехь а йолу бакъонаш ларъйар; ницкъбарх а, берийн къинхьегамах а уьш ларбархьама. Ларамаза дац, дукхахйолчу пачхьалкхашкахь beралла стеган дахарехь уггаре а коьртачу муьрех цхьаъ лоруш хилар.

Вайн махкахь дуккха а шераш ду ламастехь берийн де даздеш схьадог1уш ду. Дезчу дийнахь коьрта хьеший хуьлу дукхахьолахь буобераш а, заь1апхой а, дукха бераш долчу доьзалера бераш а.

Кхеташ ду, массеран а таро йац х1ора дийнахь шайн берашна тидам т1ебахийта. Амма вайна гуттара а дагахь хила деза, бераш даима а вайн 1уналлехь а, 1алашдарехь а хила дезаш хилар. Цаьрца къамел дан деза вай, профилактикан 1амораш д1адахьар т1едилла деза, тайп-тайпана хьолашкахь муха лела веза 1амо деза.

Лаьа массо а берашна коьрта т1ехула маьрша а, самукъане а стигал хилийта! Шайна даима а баккхийнаш орцах а бер вуй, шаьш к1елхьара а дохур дуй, шайна г1о дийр ду бохучух тешам хилийта беза оцу жимачу дегнашкахь. Ткъа уьш шаьш, коьртаниг - сема а, тидаме а, ларлуш а, баккхийчара дуьйцучуьнга ладуг1уш а хила беза.

Берийн эшамаш, церан баланаш, 1азапаш, цамгарш цкъа а ма гойла вайна! Дийна а, маьрша а хуьлда дуьненан массо бераш!

**Аг1о кечйинарг - БИБУЛАТОВА Iайнаъ**

ДАТА

# Наркомания - социальное зло

**26 июня отмечается Международный день борьбы со злоупотреблением наркотическими средствами и их незаконным оборотом.**

**Наркомания - это очень страшная и практически неизлечимая болезнь, выражающаяся стойкой психической и физической зависимостью от воздействия наркотического средства.**



О том, какая работа проводится у нас в Хасавюртовском районе, я попросил рассказать врача-нарколога ХЦРБ Гусейна Дадаговича Абдулбекова.

- Проблеме наркомании в районе уделяется особое внимание. Отмечу, что председателем Антинаркотической комиссии является глава МО «Хасавюртовский район». Постановлением главы муниципального района №460 от 23 октября 2020 года, утверждено положение, регламент и состав АНК в МО « Хасавюртовский район». В состав комиссии входят руководители правоохранительных органов, структур и учреждений системы профилактики.

Также Постановлением главы МО «Хасавюртовский район» от 31 декабря 2020 года № 562 утверждён «План мероприятий по реализации Стратегии государственной антинаркотической политики Российской Федерации на период до 2025 года в МО «Хасавюртовский район».

На сегодняшний день на учёте у врача-нарколога состоят 178 человек, из которых шприцевых - 51 чел. На диспансерном учёте - 607 пациентов с хроническим алкоголизмом и 178 наркоманов, из них 2- токсикоманы.

**- Гусейн Дадаович, сколько больных наркоманией состоят на учёте в районе и каковы итоги проводимой работы?**

- На профилактическом учёте в ОМВД России по Хасавюртовскому району по категории «Больные наркоманией» состоят 35 человек, обследованы на ВИЧ-инфекцию, маркеры гепатита С. Более 56% потребители наркотических средств имеют возраст от 21-35 лет, а остальные - 35-55 лет и несовершеннолетние.

В ГБУ РД «Хасавюртовская ЦРБ» фактов с отравлением несовершеннолетних, связанных с употреблением наркотических средств и психотропных веществ, не зарегистрировано. Всего на территории района проживает более двухсот человек, ранее судимых за незаконный оборот наркотических веществ, в отношении которых на постоянной основе проводятся профилактические мероприятия по предупреждению и профилактике повторного совершения преступления данной категории. Принимаются дополнительные меры по пресечению деятельности организованных преступных групп, занимающихся незаконным оборотом наркотических средств.

Постановлением Главы МО от 22 ноября 2021 года №577 утверждена муниципальная программа: «Профилактика наркомании среди населения МО «Хасавюртовский район» на 2025-2026 годы» в соответствии с которой предусмотрены денежные средства в сумме 500 000 рублей (250 тыс. руб. за текущий, столько же на предыдущий год) на проведение массовых антинаркотических акций среди школьников, проведение акции «Жизнь без наркотиков», разработку и распространение агитационной печатной продукции.

Кроме этого, в целях повышения эффективности взаимодействия с правоохранительными органами и профилактики наркомании среди молодёжи и учащихся образовательных учреждений разработан план работы антинаркотической комиссии на 2026 г., согласно которого разработан график рейдовых мероприятий по выявлению очагов произрастания дикорастущей конопли и другой наркотикосодержащей растительности.

В ходе выездов в сельские поселения проводится персональная профилактическая работа со следующей категорией граждан:

с лицами, состоящими на учёте в медицинских учреждениях (кабинетах нарколога) с синдромом алко-наркозависимости; с молодёжью, относящейся к «группе риска», а также с их законными представителями; с учащимися образовательных учреждений Хасавюртовского района, проведения добровольного тестирования на предмет раннего выявления немедицинского потребления наркотических средств и психотропных веществ; отбывшими наказание за преступления, связанные с распространением и употреблением наркотических психотропных веществ и их перекурсоров; реабилитационные мероприятия (медицинские, социальные, психологические) с наркозависимыми и их семьями с привлечением врача-нарколога и психолога общественной организации «Здоровье».

В целях оказания содействия правоохранительным органам в части выявления фактов незаконного оборота наркотических средств и психотропных веществ в образовательных организациях, пресечения административных правонарушений, связанных с наркотиками АНК МО во взаимодействии с субъектами профилактики для проведения различных мероприятий антинаркотической направленности, в сельских поселениях сформированы волонтёрские группы в населённых пунктах: Аксай, Эндирей, Боташюрт, Тотурбийкала, Цияб-Ичичали, Карланюрт, Аджимажагатюрт. Общее количество задействованных волонтёров - более 280 чел.

Также налажено взаимодействие с общественной организацией АНО РЦ «Здоровье», который расположен на территории Хасавюртовского района с.Аксай, по оказанию помощи гражданам из числа зависимых от наркотических средств и употребления алкоголя.

В 2025 году к руководству центра с целью пройти реабилитацию обратились 30 человек. В прошлом году прошли полный курс реабилитации (6 месяцев) 18 человек, в устойчивой ремиссии находится 7 человек.

**- Гусейн Дадаович, ваша работа освещается в СМИ?**

- Все проводимые мероприятия освещаются в средствах массовой информации. На официальном сайте МО «Хасавюртовский район», в разделе АНК; на сайте «Без формата» «Хасавюрт»; в «телеграмм» канале МО «Хасавюртовский район»; в газетах (РОПГ «Нийсо-Дагестан»).

Распоряжением главы МО «Хасавюртовский район» организована работа горячей линии Антинаркотической комиссии в МО «Хасавюртовский район» по номеру **+7(928)566 33 99.**

О функционировании «горячей линии» опубликована информация в еженедельнике «Вести Хасавюртовского района», на официальном сайте администрации МО «Хасавюртовский район», а также в сельских поселениях МО развешены баннеры с телефонами доверия в рамках акции **«Сообщи, где торгуют смертью».**

**Наркомания - это зло, которое мы победим только вместе и сообща.**

**Ильмади СОИПОВ**

ПО ПОВОДУ

# Легче предупредить...

В свете последних трагических событий, связанных с гибелью восьмилетнего мальчика Хизира Дербичева, разум отказывается верить в реальность других. В то время как один маленький ребенок совершает геройский поступок во имя спасения товарища, приведший к всеобщему единству и сплоченности десятков тысяч представителей разных народностей, собравшихся со всех концов страны в час беды, другой юный отморозок с оружием в руках идет проливать кровь ни в чем неповинных людей, детей…

Страшно читать про произошедшие на днях очередные кощунственные события. А именно: в Краснодаре в торговом центре очередная малолетняя мразь (извините за выражение, других слов не найду) устроила кровавую резню прямо посреди дня.

По информации следствия, днем 20 июня 2026 года обвиняемый, находясь на территории торгового центра, без видимых причин начал нападать на посетителей. В результате от полученных ножевых ранений скончалась 41-летняя женщина. Маму двух дочерей просто так, из-за своей блажи, лишил жизни подросток.

Ранения средней степени тяжести получили еще три человека: две женщины в возрасте 38 и 65 лет, а также 56-летний мужчина.

На допросе убийца сказал, что «устал жить» и поэтому пошел с мачете в руках убивать всех, кто попадался на глаза.

Представьте себе! Он «устал жить» (в таком-то возрасте!), а лишил жизни другого человека. Жертв было бы намного больше, если бы его не скрутили, так как останавливаться на одной убийца явно не собирался.



Видели бы вы его поведение после задержания! Жалкий, трусливый, дрожащим голосом что-то мямлящий... Ну и куда подевались его сила и «героизм», с которыми он ворвался в место массового скопления людей...

Самое страшное, что это не единичный случай. Таких сегодня – сплошь и рядом. Нам известно много аналогичных примеров, когда малолетние преступники врываются в учебные заведения с оружием в руках и «самоутверждаются» за счет лишения жизней беззащитных учащихся школ, ничего не подозревающих педагогов и т.д.

Взять хотя бы историю с таджикским мальчиком, которого зверски зарезал такой же юный «вершитель судеб», как и этот зверь.

Не дают покоя вопросы: что движет сегодняшними подростками, почему они настолько жестоки? Что с ними не так? С чем связан такой устойчивый рост преступлений, совершаемых подрастающими молодыми людьми?

Самое интересное, они обязательно снимают видео своих кровавых злодеяний на камеры и распространяют их по соцсетям и мессенджерам. Тренд такой (говоря их языком), видите ли… Возможно, видеоотчет кому-то… Кому-то, кто за занавесом «правит балом».

Сегодня, во время всеобщей цифровизации, подростки основное время проводят на просторах всемирной паутины, потребляя тяжелый контент, искажающий восприятие реальности. Взрослые в интернете, конечно же, пользуются такой возможностью, вербуя «детские умы» для претворения в жизнь своих кощунственных намерений и преступлений. Ну и, конечно же, не последнее место занимает само желание подростков самоутвердиться и продемонстрировать «силу» всем и вся.

Как же остановить подростковую преступность, положить конец злу в интернете, приобретшем уже угрожающую форму? Как изменить паттерн поведения юных людей, учитывая, что подростковый возраст – особенный, очень сложный и психика у них крайне неустойчива?

Не берусь примерять на себя роль психотерапевта подрастающих умов, но, думаю, есть пути-выходы из данной ситуации, хотя они и будут весьма тяжелыми. Самое главное - практиковать профилактическую работу среди подростков, чтобы не допустить их перехода на путь преступлений. Делать это и дома, и за его пределами: в учебных заведениях.

В первую очередь, конечно же, ответственность за поведение детей на родителях, так как они обязаны знать, чем занимаются их дети, какой контент их интересует в интернете, что они смотрят.

Ведь такие преступления совершаются не просто так, без подготовки, спонтанно. Это хорошо обдуманные, спланированные кощунственные акции – и очень часто не непосредственным убийцей, а целой командой, которая, как правило, остается в тени.

Очень большое значение имеют в семье диалоги с детьми. Если бы каждый родитель чаще общался со своим чадом, знал, «чем он дышит», возможно, многого зла и жестокости сегодня можно было бы избежать.

В ребенка с малых лет необходимо закладывать зерна добра, мира, воспитывать в нем уважение, сочувствие к другому человеку, доброжелательность. В семье, где взрослые отвергают всякое насилие, негативные действия по отношению к окружающим – не может вырасти потенциальный убийца. Таково мое мнение. Ну и, конечно же, ограничивать время проведения ребенка на просторах интернета, проверять, в каких он группах, на какие паблики подписан, во что играет.

Понятно, что сегодня родители в поиске средств к пропитанию не совсем успевают проследить за увлечениями и предпочтениями своих детей, особенно, когда их несколько, но, все же, – осведомлен, значит, вооружен: легче предупредить, чем впоследствии пожинать плоды агрессии и жестокости своих отпрысков...

**Хадижат ДЖАБРАИЛОВА**

# Эхо прошлого на берегу Гумса



Солнце уже клонилось к закату, окрашивая небо в нежные оттенки розового и золотого, когда я вновь оказался на берегу Гумса – на окраине моей малой родины Курчали. Эта река, рожденная в сердце гор, всегда притягивала меня своей первозданной силой. Я любил и не устаю наблюдать, как ее воды, стремительные и неукротимые, разбиваются о безмолвные камни, превращаясь в пенящиеся брызги. Этот вечный танец двух стихий – воды и камня – рождает особый звук, нечто среднее между мелодичным рокотанием и ревом, который я представляю сызмальства «воем речки».



Именно в эти моменты, когда слух улавливает эту дикую, но завораживающую мелодию, в мою душу врываются другие звуки, создавая удивительную симфонию. Где-то вдалеке, в излучине реки с прозрачной водой, раздаются звонкие крики детей, их смех и плеск воды. Эти детские голоса, полные беззаботной радости, кажутся мне не просто шумом, а частью единой музыкальной композиции. А первой скрипкой в этом оркестре природы, без сомнения, выступают трели птиц. Их мелодичные переливы, легкие и воздушные, пронизывают воздух, добавляя в общую картину нежности и гармонии.

Под это первозданное пение природы я часто погружаюсь в свои воспоминания. Они уносят меня в далекое детство, в отселок ЭвлакIелла аула Курчали, в яблоневые сады моих родных. Там, среди благоухающих деревьев, жили мои дяди: Iалвадди, Iалсолта, Мовсар и Мохьмад. Там же проживал и мой троюродный брат Сайд-Iаьлви. Жил и Дени – троюродный брат моего отца. Он, помнится, переехал из родового очага в конце семидесятых, но, к счастью, его сады продолжали щедро дарить нам свои плоды. Мы, племянники и наследники, наслаждались ими до первых холодов и даже до января. После заморозков айва становилась особенно сочной, теряя свою терпкость. Этот субтропический дар, чья спелость в наших краях порой оставалась лишь мечтой, пустил здесь вечные корни. Его история неразрывно связана с нашим далеким предком, первым чеченским проповедником ислама, Берса-Шайхом. Именно он, принеся восточную айву из садов древнего Дербента, подарил ей вторую родину в солнечном Курчали.

В памяти ярко всплывает, как созревала единственная черешня в отселке, в саду у Мовсара. Этот редкий для этих мест плод, словно лакомый кусок, привлекал к себе детей со всего аула, обступавших его, как саранча. За этот вкус детства мы были обязаны нашей тете Бакату и ее мужу Эскарби. Они когда-то привезли саженец этой «ягоды» из своего сада в Хасавюрте – месте, которое и по сей день славится как негласный центр-столица, где рождаются и выращиваются самые разнообразные сорта черешни.

Примерно через месяц-другой начинали созревать яблони сорта «стаканчик». Такое название они получили за продолговатую форму своих плодов, которые радовали нас целым букетом изысканных ароматов и вкусов, заслуженно привлекая наше внимание. Однако, на яблони в огороде Iалвадди мы могли рассчитывать лишь тогда, когда наш неумолимый надзиратель Захир (Махьта) отправлялся пасти коз на горные склоны. Лишь после его ухода мы могли начать свое настоящее пиршество. Насытившись вдоволь сочными «стаканчиками» и отведав сискал с парным козьим молоком от тети Хамасат, мы спешили убраться до возвращения Захира. Иначе нас ждали бы неприятные разбирательства, а в лучшем случае – всего пара-тройка яблок на всю нашу шумную компанию.

После того, как мы с братом Умаром, младшим сыном тети Аймани и дяди Мовсара, регулярно насыщались сладкими ягодами и фруктами, а затем лакомились тIо-берамом с чуреком, мы с нетерпением ждали возвращения дяди. Точнее, мы ждали возвращения его коня. Умар, будучи неугомонным подростком, любил так носиться на коне, что бедное животное покрывалось пеной. Нередко и я вдобавок усаживался на коня. За такие проказы нам часто доставалось от дяди Iалвадди, самого строгого из старших.

Как сегодня помню, когда он очередной раз делал замечания и наказы старшему брату Мовсару по поводу того, что Умар изводит коня, Мовсар, с присущей ему смесью шутки и серьезности, ответил: «Парень неплохо джигитует, как подобает настоящему горцу, подобно мне в юности».

Улыбнувшись, он предложил брату чай и успокоиться. Но Iалвадди, пытаясь скрыть досаду, которая, однако, сменилась тихим смешком от столь ожидаемого ответа бывалого бойца-фронтовика, лишь едва заметно махнул рукой и удалился. Он вернулся к своим делам, направившись, как казалось, в свою простую, но такую знакомую мастерскую. Это было место, где любой односельчанин или случайный прохожий мог безвозмездно заточить нож или топор, даже без ведома хозяина, если кто-то второй мог запустить шкиво-ременную точилку. Там же находилась и ручная лущилка (теребилка) для кукурузы.

Примечательно, что мастерская располагалась почти на перекрестке путей, ведущих к калиткам трех родственных домов: Iалвадди, Мовсара и Мохьмада. Такое расположение и пользование ею, пожалуй, не смог бы вообразить и во сне ни один из наших современников. Вот такой была атмосфера менее полувека назад.

Примерно в двухстах метрах от упомянутого перекрестка, а, может, и чуть дальше, располагался дом Iалсолты. В памяти всплывает его образ: он всегда был с топором, не расставаясь с ним даже во дворе. Ведь он был, как говорится, «смотрящим» за обширным родовым поместьем Такалашевых. Ему постоянно приходилось латать бреши в плетеной изгороди, которые оставляли после себя непрошеные гости в лице местной живности, покушавшиеся на огород. У него, к сожалению, не было сыновей, поэтому мы редко заглядывали к нему во двор. Тем не менее, мы всегда находили повод погостить, ведь мои двоюродные сестры – Таиса, Марха и Хьавраъ – регулярно помогали его супруге, доброй Макке, по хозяйству и в большом огороде. Они были родными племянницами тети Макки. А Хьавраъ на тот момент и вовсе жила у них, став для них как родная дочь. Дядя Iалсолта был немногословен с нами. К тому же, мы часто дразнили его буйвола, не давая ему пастись спокойно, и он, несомненно, знал о наших шалостях, но зла не держал. Он был человеком строгих чеченских традиций: если и позволял себе пожурить нас вне своего двора, то под его кровом это было исключено. Мы, наглецы, этим и пользовались, с удовольствием налегая на блины, халву и карамель, запивая все это засахаренным индийским чаем.

Наши приключения во дворе дома Мохьмада были не менее увлекательными, если не сказать большего. К его четырем сыновьям, Джамбулату, Ахмаду, Iаьрби и Iаьнди присоединялось почти вдвое большее количество сорванцов: Захир, Ибрагим (Ибраьшка), Умар, Ибрагим (Конка), Дауд и, конечно же, я. Хотя всех участников перечислить невозможно, основной состав нашей ватаги состоял из вышеупомянутых лиц.

Мохьмад, будучи водителем различной техники, обеспечивал нас изобилием ее частей (кабин, кузовов) для импровизированных «гонок» и «вождений». Его старший сын Джамбулат (он же ШуртIа) был настоящим местным «Кулибиным» – прирожденным самоделкиным. Мы часто устраивали головокружительные поездки по аулу на его почти самодельном УАЗике, оставляя позади клубы дыма и завистливые взгляды тех, кто не поместился в наш импровизированный «кабриолет». После тряски от езды, проголодавшись, мы возвращались домой измазанные, словно черти, в копоти и пыли. После нашего десанта у печки-камина, где пеклись чIепалгаш, тетя Курман лишь успевала их вынимать из жаровни. А в зимний период у этой же печки мы ожидали в предвкушении, облизываясь, приготовления жижиг-галнаш из сушеного мяса и колбасы.

Среди нас, юнцов, Ибрагим, прозванный «Конкой», выделялся особой смекалкой и проворством. Не то чтобы он был неуловимым – вовсе нет. Скорее, в нем бурлила неуемная энергия, подталкивающая к самым неожиданным выходкам. Окруженный безграничной любовью материнской родни, которые души в нем не чаяли, он умудрялся быть везде и сразу. Казалось, Ибрагим – это не один мальчишка, а целая стайка его двойников, способная одновременно прокатиться в машине Мохьмада (брата деда по отцу Халада), плескаться в речке, выпрашивать конфеты у бабушки ХIазан на кухне уже в центре аула или клянчить у дедушки Бачала у сельсовета денег на буфет или магазин. И хотя делился он с нами сладостями неохотно, все же делился, когда мы его настигали.

Но особой гордостью Ибрагима, его настоящей визитной карточкой был «собственный» мотоцикл. Конечно, он не был его собственным в полном смысле слова. Это был не первой свежести, но крепкий мотоцикл его отца, Сайд-Iаьлви, которого мы все ласково звали ЦIуцIой.

В отличие от сегодняшнего взрослого колкого Ибрагима он был человеком удивительной доброты и щедрости, как и его супруга Зура. Их дом всегда был полон гостей, а стол – изобилен. Но, пожалуй, самым ценным даром, которым щедро пользовались односельчане, был его мотоцикл и его умение водить. На его верном двухколесном коне выросло не одно поколение курчалинцев. Молодые парни, едва достигшие совершеннолетия, а порой и раньше, тайком брали его мотоцикл, чтобы научиться управлять им.

Я помню, как сам, будучи еще совсем юным, с замиранием сердца наблюдал за этими первыми, неуверенными поездками «угонщиков». Сайд-Iаьльви, видя эти юношеские шалости, никогда не сердился. Он лишь спокойно подходил к провинившимся, его глаза светились доброй усмешкой, и наставлял их: «Будьте осторожны, сыновья. Дорога ошибок не прощает». И это было не просто предостережение. В те времена дорог в современном понимании не существовало, а были лишь грунтовые тропы, изборожденные годами воловьими арбами и регулярно усугубляемые тракторами в распутицу. Его слова, сказанные с искренней заботой, звучали как мудрый совет, как неотъемлемая часть той мелодии, что наполняла мою беспечную жизнь.

И вот, сидя на берегу Гумса, слушая ее вечный вой и крики детей, я чувствую, как эти два мира – дикая природа и теплый, родной дом – сливаются воедино. Мелодия реки, трели птиц, детский смех и тихий наставнический голос старших из далекого прошлого, их щедрость – все это сплеталось в моей душе в единую, прекрасную симфонию жизни, наполненную любовью, добротой и вечной красотой родной земли.

**Аюб УСАЕВ**

# Имам Маликан дахар

**(Т1аьхье. Йуьхь йеша 22,23-чу номершкахь)**

Царах дукхахболчара ма-дийццара, гIенах Пайхамар (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) гора шайна, цуо Маликан мазхIабана тIетевжаш хила а олуш. Иштта Имама Малика ша а дуьйцу: «Цхьа а буьйса ца йолура сан, гIенах Пайхамар (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) ца гуш.

Оццул шегахь Iилма доллушехь, наха сийдеш, къобалвина тIелаьцна а волуш, тамашена шен дог-ойла охьатаIийна, массаьрца а кIеда, эхье, гIиллакхе волуш чакхволу Малик. Цунна цкъа а ца йезара дуьненан сийлалла, къаьсттина нехан бIаьргаш чохь айвалар. Ша кхоччуш тIе а кхиъна, динехь шен буьззина бух боцу жоп даларх ларлора иза. Маликна хетарехь, шаьш нахана хьехамаш беш болу Iеламнах, оцу шаьш дIахьоьхучу берриге а белхашкахь цкъа дуьххьара шаьш нисбелла хила безара. Iилмано Малик хазвой, кечвой, айво нехан бIаьргашчохь, ткъа цуо Iилма хаздо шен дикаллица, хазачу гIиллакхца.

Маликан дегIан куц дуьйцуш Iеламнаха олу: Лекхачу, зоьрталчу дегIахь а волуш, кIайнчу аматахь, хьаьрсо, йуьхьа тIехь цIен бос а лепаш, сийна бIаьргаш а долуш, товш стаг вара жима волуш дуьйна а. Духарна тIе тидам бохуьйтура цуо, дукхахьолахь гуттар а кIайн коч а, кIайн чалба а хьулура, аьтту куьйга пIелгахь дато мухIар а лелош, шена тIе йаздина: «ХьасбулаллахIу ва ниIмал ва киль».

Ибн Аби Хьазима хотту Малике, цунна дика хетачу, дукхайезачу молчу хIуманах лаьцна: «Аьхка суна мерза мутт малар деза, ткъа догIанаш оьхучу хенахь моз молуш (дууш) дика хета».

Маликан воккхахволу ваша вара Надр цIе йолуш. Малик доьшуш волчу хенахь, «Надран жимахволу ваша» аьлла вевзаш вара иза, хIунда аьлча, цаьрца доьшуш Надр а вара, дика кхетарца гIараваьлалла а волуш. Амма, Малик Iилманехь сов а ваьлла, хьехархошна а, нахана а йуккъехь говза Iеламстаг хилла дIахIоьттича, «Маликан ваша Надр» олий йоккху вешин цIе. Маликан йижарий бара: Умма Аби Бакр а, Умм Исмаил а. Маликан доьзалехь кхо кIант а, цхьа йоI а хилла: Яхья, Мухьаммад, Хьаммад, ФатIимат.

Маликан йоI ФатIимат хьафиз а йолуш, Iилманах дика кхеташ хилла жима йолуш дуьйна. Цуо дагахь Iамадо шен ден жайна «МуваттIа». Маликна хьалха цуьнан жайна мутаIеламаша доьшучу хенахь, дехьа чохь ладугIуш хуьлу ФатIимат, нагахь санна жимма а мутаIелам МуваттIа тIехь галвалахь, ФатIимата неI тухуш хилла, тIаккха Малика мутаIелам жайна шардан дIахьажош хилла.

Маликан оцу кепара Iилманан сийлахь бух боьттинарш баккхий Iеламнах, имамаш хилла. Исс бIе хьехархо хилла олу цуьнан. Царах бу: Ибн ШихIаб аз-ЗухIри (асхьабех волу Маликан Анасера Iилма эцна); Зайд ибн Аслам а, Абу а-Зиннад а ((Мадинатара баккхийчу Iеламнахах а волуш, асхьабашкара Iилма эцна а волуш); Айуб ас-Сахтийани (Иракъера Iеламстаг, шен хьокъехь олуш Басратерчу кегийрхойн эла», дукхха а асхьабаш гина а, цаьргара Iилма эцна а волуш); Iамир ибн IабдуллахI ибн Зубайр (Асхьабех волчу Зубайран IабдуллахIан кIант, Iеламстаг).

Iеламнаха билгалдо, Малика йаздина жайнаш. МуваттIа доцург, кхин а дуккха а жайнаш йаздо цуо, царах ду: «Рисалат Малик филь-Акъдийа», «Тафсир ГIариб аль-Къуръан», «Аль-Мудавванат аль-Къубра», «Рисалат Малик ила ХIарун ар-Рашид филь-Адаби валь Маваиз», «Рисалат Малик ила Лайс фи иджман ахIл аль-Мадина», «Рисалат Малик ибн ВахIб филь Къадр», «Китаб ас-Сийар», «Рисалат Малик ила Пасан ибн Мухьаммад ибн МутIарриф филь Фатва», иштта кхин а.

Маликан мутаIеламех лаьцна аьлча-м, цара йоккха лар йитина Умматехь Iилманца. Цуьнан ээар кхо бIе мутаIелам хилла, оцу заманан Iилманчех уггаре а дукха нислуш бу уьш. Царах ву дуьненахь гIараваьлла, мазхIабан да а волу Имам ШафиIи. ШафиIис олуш хилла, Малик хьахош меттиг баьлча, цуьнан хьокъехь: «Малик дуьне а серладаьккхина къегаш седа бара». Маликан мутаIелам хилла ву Яхья ибн СаIид аль-Каттан. Яхьян хьокъехь Хьанбалан Ахьмада аьлла: Сан бIаьргашна ма ца вайна цунах тера верг». Яхьяс олуш шен хьехархочун Маликан цIарах: «Имам Малик хьадисан Iилманехь паччахь ву». Иштта Имаман мутаIеламех ву Суфьян ибн Iуйайна, табиIинех а волуш, Маккин хьадисан Iилманан воккха Iеламстаг. ШафиIис аьлла цуьнан хьокъехь: Суфьян ибн Iуйайна а, Малик ибн Анас а ца хиллехь, Хьиджазера Iилма довр дара». Абу Хьанифатан уллора мутаIелам, IабуллахI ибн Мубарак, имам, мужтахIид, хьафиз – Маликан мутаIеламех ву. Иштта дуьненахь мазхIабан да волуш гIараваьлла волу Абу Хьанифат НуIман ибн Сабит а ву Маликан мутаIеламех. Имама ЗахIабис йаздо: ТабиIинаш дIабевлча Маликал а воккха Iилманча вацара Мадинатахь динан хааршкахь а, кхетарехь а. Оцу заманахь хилла болу табиIинаш а, Iеламнах а, баккхий имамаш а Пайхамаре (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) болчу безаме, лераме кхаьчна наггахь а вац цул тIаьхьа йолчу заманахь. Малик а ву оцу магIарехь. IабдуллахIан Мусхьаба дуьйцу: «Имам Малик волчу меттехь Пайхамаран (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) цIе йаьккхича, цуьнан йуьхьа тIера бос хийцалора».

Имам Малик Мадината шахьаран лаьттахь говра а, эмкала а хууш вацара, Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) биллинчу ког биллар нисдаларе са а туьйсуш, иштта цуьнга болчу лерамна а. Оцу балхо кхин а чIогIа сий ойъура Маликан. Оцу хьокъехь Маликан мутаIелам хиллачу ШафиIис дуьйцу: «Малхбалехьарчу Хорасанан дин бара Маликан неIарехь лаьтташ, цул хаза дин цкъа а гина а бацара суна. Ас элира Малике:

- Ма хаза дин бу хIара.

Малика жоп делира суна:

- СовгIатна хьуна ло-кх ас и дин, IабдуллахIан да (ШафиIин иштта цIе йоккхуш хилла цуо).

- ХIан-хIа, хьайна бита ахь иза. Иза-м хьуна дIаса ваха безар бу Мадинатахь.

Малика олу тIаккха:

- Делан элча (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) гIаш леллачу Мадинатахь говра а хиина лела вай кхоьллинчу Делах эхь хета суна.»

Имам Малик ша хьадис дийца дагахь волчу хенахь, ламаз а оьций, хаза хьожа йолу хIума а тухий, маж а шарйой, коьрта кIайн чалба а йоьхкий, кIайн духара духий, тоьллачу метте охьа а хуий, сих а ца луш меллаша, ойла а йеш дуьйцура. Лаьтташ волуш а, йа некъахь воьдуш а хьадис ца дуьйцура Малика, хIунда аьлча, оцу хьолехь ойлайар гIийло хуьлу дела. Малика олу: Пайхамаран (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) лерам иза дийна воллуш санна бан безаш бу, иза дIакхелхинчул тIаьхьа а.

Имам Маликна тIе нах баьхкича, цуьнан хьадалчо хотту цаьрга: «Шу хаттар дахьаш даьхкина йа хьадис схьаэца?». Нагахь санна хаттар дохьуш баьхкинехь, Малика ара а волий жоп луш хилла. Ткъа нагахь санна уьш хьадис хатта баьхкинехь, дегIах хи а кхорзий, ламаз карла а доккхий, шена тIе тоьлларг духар а духий, хаза хьожа йогIу IатIар а тухий, шен ойла Далла тIе а йохуьйтий, нахана дуьхьал волуш хилла.

«Ца хаьа суна» боху дешнаш коьрта хилла хIиттадо Маликан шена. Цуо из сих-сиха олу, шега цхьа хаттар дича, нагахь санна цуьнан дуьззина жоп дацахь, йа жимма а шеко йелахь.



Имама Нававис дуьйцу: Имам Малике шовзткъе итт хаттар делча, цуо царна цхьанна а жоп ца луш меттиг а богIу. Малика олуш хилла иштачу меттехь: Ша цхьанна жоп дала кечлучу хенахь, цуо шена хьалха хIоттадойла сурт, ша йалсманина а жоьжахатина а хьалха волуш, шен жоьпо цаьршиннах воьрзу меттиг а хоржур йолуш. Иштта шега хаттар дича, Малика жоп ло: «Ца хаьа». Цуьнга олу тIаккха: «Иза атта хаттар ма ду». ОьгIаз а воьдуш жоп ло Малика: «Динехь атта хаттар дан а дац!».

Имам Малика шен мазхIаб кхолларехь тIетевжина хуьлу Къуръанна а, хьадисна а, Iеламнехан барт тайначу сацамна а, Мадината охIланан Iадатна а, шех тера леллачу белхашна а, асхьабийн хьежамна (сацамашна) а, иштта кхин а.

Мадинатан охIланан Iадатийн тидам а беш, нагахь санна и Iадаташ лелош а, лардеш а делахь баккхийчара а, кегийчара а, Iеламнаха а, Iилма доцчу магIара болчу наха а, цхьаммо а оцу Iадаташна йеш дуьхьало (резабацар доцуш) а йоцуш, цу тайпа долчу Iадатах шен хьукманехь пайдаоьцу Малика, иза динца мегаш хиларан шеко а йоцуш. Делан Элча (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) волчу заманахь а, цул тIаьхьа асхьабаш а, табиIинаш а болуш а Мадинатан охIланан цIех, сих дIадоьлла, дIайина хуьлу Къуръан а, хьадис а, цаьрца долу хьукма а, Делах дегатешар а, динца йолу ойла чIагIйалар а, кхин совдолу хIума улло а ца дуьтуш. Шен хьехархо волчу Абу IабдурахьIманан воIа РабиIа тIеIаткъам бо Маликна оцу хьолехь. РабиIа а ладугIура Мадинатан охIлано муха лелош дара муьлхха хIума, иза коьрта а лорура цуо, цара Къуръанах а, хьадисах а шайн дахар а хоьттина, цуьнца Iадат нисдина хилар бахьана долуш. РабиIа олу: «Эзара стага олуш долу эзар (хIума) гIоле хета, цхьамма дуьйцуш долчу цхьаннал а. Оцу цхьамма дуьйцуш долчу цхьана хIумано суннатах ваккха тарло».

Асхьабех волчу Сабита кIанта Зайде олуш хилла: Нагахь санна Мадинатан охIлано цхьа хIума деш шайна тосалахь, иза суннатера дуйла дIахоийла шуна».

Маликан мазхIаб даьржа Мисрара Къилбаседа Африке кхаччалц а, цул тIаьхьа Андалусе а. Африкан пачхьалкхашкахь тахана а ду Маликан мазхIаб.

Имама Къоди Ийада дуьйцу шен заманахь: Маликан мазхIаб даьржина Хьиджазехь, Басратехь. Мисрахь, Суданехь, Андалусехь, Сицилехь, Нийсабурехь. Маккахь коьрта хьежам Ибн Iаббасан Iилманца хуьлу.

Мисра Маликан мазхIаб кхочу иза дийна а волуш. Хьафиз Ибн Хьажар Iаскъаланис дуьйцу, Ибн ВахIба дийцина аьлла:

«Мисра дуьххьара Маликан Iилма (мазхIаб) деанарг Iусман ибн Хьакам аль Джазами а, Iабдурахьим ибн Халид ибн Йазид а ву».

Мисрахь Маликан мазхIаб даржош болх бина цуьнгара Iилма схьаэцначу Iеламнаха: Iабдурахьман ибн аль-Къасим (Абу IабдуллахI), IабдуллахI ибн ВахIб ибн Муслим (Абу Мухьаммад), IабдуллахI ибн Iабдул-Хьаькам (Абу Мухьаммад). Андалусехь Маликан мазхIаб даржийна Iеламнахана: Iали ибн Зийад ат-Туниси (Абу аль-Хьасан), Зийад ибн Iабдурахьман аль-Къуртуби (Абу IабдуллахI), Iиса бин Динар аль-Къуртуби аль-Андалуси.

Цу кепара шайгахь Iилма а долуш, дийнахь а, буса а хьоьгуш долу къа оцу Iилманца а долуш, цхьана а дуьненан а, йа Iедалан а белхашна йукъагIерташ а боццушехь, динехь бакъдерг Iаьвшшина дIаьалча, йа шайн лаамна дуьхьало йича, таIзар деш хилла, мел ондачу адаме а лалур доцчу ницкъаца.

Иштта, дуьненан хьолехь зер – иза сийлахьчу а, цIенчу а, Делан гергарчу а нехан сибатех а, дахаран кхелах а ду. Имам Малик а ца ваьлла оцу зерах. Иза муха вер вара дуьненан зерах, оццул Iилманца а, Iамалца а, Делан Элча (Делера салам маршалла хуьлда цунна!) везарца а, Далла герга вахана волу. Амма, Малик санна болчу Iеламнаха и тайпа баланаш а, таIзарш хала ца лов. Иштачу баланша, халонаша уьш кхин а сутара бо шайн Iилманехь а, Делах тешарехь а, ткъа нехан дегнаш чохь-м муххале а лерам а, безам а совболу цаьрга.

Ибн СаIада йаздо: «Делора, шена шед йетташ, таIзар динчул тIаьхьа, Малик нехан дегнаш чохь кхин а чIогIа айвелира, цу балхах муххале а сий хьаладелира цуьнан».

Iеламнаха дийцарехь, и таIзар дар бахьана, нуьцкъашха йа кхерамца йитина зуда йиталуш йац аьлла, Малика сацам (фетва) бар хуьлу. Цуо и сацам бар бахьана, халифа цхьаьнга чIагIо йайтина хуьлу, зударий буьтур бац аьлла, и хезча дIакхайкхабо шен Iилманан сацам Малика. Иза ца тов цуьнан заманан куьйгалхошна. Мадинат шахьаран куьйгалхочо омра а дой, имам лоцуьйту. Куьйгаш чуьра а дохуш оззийна муьшах дIа а доьхкий, шед йетта цунна. Оцу хIор тоьхначу шедан арьцнийн лар, дегIах кIоргге чу а йуссуш, тIера охьа оьхуш цIийн Iовраш а йолуш таIзар до Маликна. Цул тIаьхьа малхо кхехкочу довхачу дийнахь вир тIе а воьхкий Мадината шахьарахь гIалин йахалла чакхвоккху. Ша вир тIе а вихкина, сийсазлонца чакхвоккхучу хенахь, нахана тIе мел кхочу Малика олу: «Со вевзачунна со мила ву хаьа. Нагахь со цавевзачунна, Анасан Малик ву шуна со. Ас дIакхайкхадо шуьга «Нагахь санна стаге нуьцкъашха йа кхерамца зуда йитийтинехь, иза зуда йитар дац шуна». И болх дIахьаьначу Мадинатан куьйгалхочо омра а дой охьавоккхуьйту иза вир тIера. Иштта цхьаболчу Iеламнаха йаздо, Абу ДжаIфара аль-Мансура аьллера Малике: «Ас омра дина, хьуна таIзар динарг лаьцна схьа а валийна, хьуна динчул тIех чIогIа таIзар дойтур ду аьлла, чIагIо ма йо хьуна».

**Зорбане кечйинарг ИДРИСОВ Ислам**

**(Т1аьхье хир йу**

ДИЙЦАР

# Коьртаниг

Кхоьлина деана тахханлера де. Юха а, селхана санна, догlа дан мегаш ду. Йовхо цкъачунна вайн махка схьакхачаза ю. Арахь болх беш волчунна дика де ду хlара, малхо новкъарло а ца еш, шен гlуллакх дан.

Дукха lуьйранна веана воккха стаг тесна латтачу кху меттигашка мангал хьакха. Малх хlинцца бен хьалагlоттуш бац. Дlахьаьжча, сел уллохь хетачу, амма, хьо тlеваха воьлча, шайна тlе бехха некъ бан безачу лаьмнашна тlехула дашо варкъ дуьллуш, схьашерша бlаьстенан эсалчу, аьхначу маьлхан сирла зlаьнарш.

Мангалхо, шуьйра кес а лоцуш, цхьана маьllера буц хьакха волало. Парггlат, сих а ца луш, мангал лестош, дlаоьху иза. Наггахь, саца а соций, охьатаьlий, ала юккъера схьаэцна баl ша буц хьаькхча паргlатъяьллачу меттиге охьакхуссу. Юха, дlаса а хьожий, шен болх кхидlа а бан волало. Цуьнан даккхийчу шогачу куьйгашна дика бевзаш болх бу иза, цо хlора шарахь беш хиларна



а, цуьнан дахар иштта дечу гlуллакххах лаьтташ хиларна а. Юьртахь lаш волу стаг мокъа lан йиш йолуш ма вац. Цунна гуттар а карор ду дан хlума: докъар кечдина а, бежана lалашдина а, керт тойина а, хи далийна а – масане ду уьш. Иштта арахь дечу гlуллакххах самукъадолуш ву хlара воккха стаг. Воккха вара аьлла, чохь ца lало. Пхьаьрсашкахь хьалхалера гlора дацахь а, дог къона ду, цо воккху хlара гlуллакх дан ара. Кхуьнан боккха доьзал бу: бераш а, бер-берийн бераш а тlехь. Хlорш ца ларош хlумма а дац, чохь, арахь оьшург дерриг а кхуьнан ду. Амма кхунна деза ша жимачохь дуьйна лелийна гlуллакх: мангал хьакхар, докъар кечдар.

Гlеххьа ша вохвелча, тlера схьа а йоккхий, хlинцца хьаькхначу кlедачу баца тlе охьатосу кхуо шен пхьуьйшашдоцург. Цхьатерра, кхин сих а ца луш, меллаша а ца волуш, дlахьо воккхачу стага кес. Гонаха хаддаза екаш цаьпцалгаш ю, церан зевне декар кхунна ца хеза – хlара лергана ондо ву. Амма кхунна хаало бlаьстенан хазалла, кхуьнан дог хьосту гобаьккхина лаьттачу, шегара цlена, аьхна, мерза аьрх схьалучу соьналло. Иштта хаза, аьхна хьожа ю кхуо хьаькхна lуьллучу бецан а, цо дегlе гlора доуьйту, кlадвалар дlадоккху.

Воккха мел хили а, керла еана бlаьсте хьалха дlаяханчул а хазахета. Айхьа хьалха тидаме ца эцнарг тергалдо ахь, хьуна lалам уллора хета, цуьнан дахарх хьо кхета аьлла хета. Иштта вара мангалхо а, цунна дика девзара lалам, хаара иза лара. Хlинцца а, сама а даьлла, шен къеггина йолу хазалла массарна а схьагойтуш ду иза: бацах сенъеллачу аренашкахула, гlа-патар хецначу дитташкахула, къоьжачу лаьмнийн оьзда латтарехула, олхазарийн самукъанечу эшаршкахула, хин зевнечу декарехула. Дига кечдина нускал санна исбаьхьа ю-кх хьо, сан тайна бlаьсте!

Цхьана ханна саца а соций, юьхь тlера хьацар, кучан пхьош а хьоккхий, дlадоккху воккхачу стага. Юха шен доьхканах кхозучу баттара еха аьлха схьайоккху. Мангал шегахьара дlа а берзабой, цуьнан диттах шина а агlор, сих а ца луш, аьлха хьокху. «Шарх-шарх-шарх» – мангалхочун машаречу белхан и тайна аьзнаш геннахь, lуьйренан зевне хlаваъ декош, хезаш ду. Мосазза ирбина хир бу воккхачу стага мангал шен дехачу дахарехь: эзарзза, шина эзарзза? Хьанна хаьа? И ма дац коьртаниг. Тахана кхуьнгахь мангал бу, хьалха lуьллуш сийначу бецах юьзна аре ю, кхуьнгахь ницкъ бу и хьакха. Кхуьнан самукъадолу ша дечу гlуллакххах – коьртаниг иза ду!

МИНИАТЮРАШ

## Къинхетамбар

Бексолта дечиге лелаш вара. Хьуьнах воьдий, дечиган ворда а йоккхий, иза дlа а юхкий, каракхаьчначух хенара а волуш. Иштта цкъа дечиге вахана хилла хlара. Ша даьккхина дечиг вордана тlе дlа а нисдина, цунна гел хьовзо хlоьттина хlара. Хьовзийна, къевлина, гlарчl-аьлла кхуо охьатаlийна гел, цlеххьана хеца а елла, тата а доккхуш тlох-аьлла цхьа вон кхуьнан бетах кхетта.

– Эхlей, хьо етта коша-мартана! Сан бетах ца кхетча, хlокху йоккхачу хьуьна чохь кхин кхета меттиг яцара хьуна!

Цу сохьта мела цlий охьахьаьдда, иштта а чам боцуш йолу кхуьнан бат, хорбазан бертиг санна, харцахьаяьлла минот а ялале. «Эхl, ма юьхьlаьржо ю хьо ян-м тlе хlай! Цlа а муха гlур ву? – ойла йина кхуо. Хала а, атта а шен вордана тlера дечиг чlагl а дина, цlехьа вирзина хlара.

«Бексолта лазийна! Бексолта лазийна!» – аьлла, хух даьржина куьпахь, хlара шен керта кхаьчна а валале.

«Ва-а, дада, хьуна хlун хилла? Ва-аа, дада! – маьхьарий хьоькхуш, дуьхьалдевдда Бексолтин бераш.

Лулара, куьпара гергара нах а, лулахой а схьабаьхкина. Цхьаммо говран юьхь лоцуш, вукхо хlара вордана тlера охьавоккхуш, Бексолтин керта баьхкина берриш а. «Эхl, ма хьаштдоцург ду хьо! » – цхьаммо олуш, «Ма вон лазийна хьо,» – вукхо олуш, юкъаверзийна хилла цара Бексолта. Эххар а, Дала маршалла дойла аьлла, шаьш дlадаха девлча, кхуьнан шичас Жунайда аьлла: «Варийлахь, Бексолта, кхин дечиге а гlой, тхо юьхьlаьржа ма хlиттаделахь!»

## Деха къамел

Мацах Бексолта шен гергачу нахаца Хьалха-Мартантlе тезета ваха ваьлла хилла. Цига вогlург вовшаххкхетталц Жунайдан кетlарчу кхура кlел бай тlе охьахевшина баккхий нах. Бексолта цхьа хlума дийца волавелла, гулбеллачарна юккъехь ша воккханиг хиларна, къамелан бакъо шегахь а юьтуш. Дийца долийнарг чекх а ца доккхуш, керланиг а долош, йоккха lалагlожа вовшахтоьхна кхуо. Дуьйцучунна тlаьхьаккхиа гlерташ, кхуьнан гергара нах гlеххьа кlадбелла хилла. Цlеххьана Бексолтин шичина Жунайдана цхьа хlума дагадеана:

– Бексолта, хьо дийцина ваьлча, сан а ду хьуна дийца дезаш цхьа хlума.

– Дика ду, Жунайд, хьайн дош ма дицделахь, со хlинцца волу хьуна.

Амма Бексолтин къамел чекх ца долуш, хlорш, Хьалха-Мартантlе тезета а бахана, цигахь мелла а lан а lийна, цlехьа бирзинчул тlаьхьа юха а хьалхалеррачу кхура кlел охьахевшина. Шаьш дlадахале долийна къамел хlинца а чекхдалаза хилла Бексолтин.

– Цкъа собарделаш, хlара чекхдаьлча, сан кхин цхьаъ ду шуна, кхул а хазаниг, – олуш хилла цо. Ткъа Жунайдан собар кхачийна, дагадеанарг дийца сакlамделла.

– Бексолта, ши дош… – дехарца ши пlелг хьалаойуш хилла цо.

– Хьайн дош ма дицделахь, Жунайд, – олий, иза саца а вой, кхин дlа шен къамел деш хилла Бексолтас, сих а ца луш. Эххар а кхуо дош ца кхачийтарна оьгlазвахана хьалаиккхина Жунайд:

– Веллачу сайн дех ма кхетийла со, хьо волчохь радио эшахь! – аьлла, шен чувахана иза.

– Деллахь, ма собар доцуш стаг ву хьо ван! Мичахь сецира со? – хьаьттина Бексолтас уллохь болчаьрга.

КИЦАНАШ

### СУТАРАЛЛА

*Бен сту белча, батта пах ца белла.

*Дукха дезаро к1езиг дезийтина.

*Латта кхача а дина, баларна кхийрина н1аьна.

*Хи дехахь - меца вац, ца дехахь - марха ду аьлла сутарчу х1усамнанас.

*Хиларо велийнарг - дацаро велхийна.

### СТОГАЛЛА

*Дагна там т1ех безнарг стогаллах воьхна.

*Къелле ма хьажа, стеган стогалле хьажа.

*Малар мала ахча лоьхучул - ца мала стогалла лаха.

### ОСАЛАЛЛА

*Букурвоьлла стаг кашуо нисвиер.

*Вохвелча, воьлучо, шелвелча,-садуу.

*Да левинчо - нана а юхку.

*Дог-1аьржа стаг хуьлу питане, ца кхеташ верг - эладитане.

*Къаьркъане марзвелларг бахамах воьхна.

*Лаьхьанна ца хаьа шен д1аьвшо х1ун до, зударшна - шайн матто дийриг хаьа.

*Нехан воне ца хьийзинарг, шен вонехь ша висна.

*Ца лозу корта ма бехка.

### БАРТ

*Барт болу ши стаг барт боцучу юьртал а тоьлла.

*Барт болчохь - беркат, барт боцчохь - зулам.

*Барт болчу цицигаша барт боцу берзалой эшийна.

*Барт боцучу доьзалехь беркат хир дац.

*Барт ийг1ина доьзал - ка йоцу т1ом.

### МАЛО

*Беже ма т1аьхьа воьду хьо аьлча, д1а т1аьхьа водахь а, ц1а хьалхе вог1ур ву ша аьлла. *Ж1аьло 1аьн т1ехь ч1аг1о йо бах, б1аьсте маеллинехь шена бун йийр ю ша олий, ткъа б1аьста, юха а 1а т1екхаччалц ворданна к1ел дуьжий 1уьллу.

*Малонах мазал ца хилла.

*Халонах кхийринарг, диканах кхетта вац.

*Х1уманна мало ечо ,юьхь а парг1ат юьлу.

**Аг1о кечйинарг - БИБУЛАТОВА 1айнаъ**

«НИЙСО-ДАГЕСТАН»
6 +

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Агентство информации и печати РД
***
ИЗДАТЕЛЬ:
ГБУ РД «Этномедиахолдинг «Дагестан»
***
Гл. редактор
У. А. ЯКИЕВ
***
Адреса издателя и редакции:
367018, Республика Дагестан, г. Махачкала, пр. Насрутдинова, 1а
368009, Республика Дагестан, г. Хасавюрт, ул. Увайса Мусаева, 18
***
Телефон:
8(8722) 66-00-62
***
E-mail:
nniyso@bk.ru
niyso@etnomediadag.ru
***
Сайт:
http://niyso-dag.ru
***
Газета выходит 48 раз в году
***
Индексы:
полугодие - 51343;
год - 63256
***
Тираж - 1162 экз.
***
Цена - 10 рублей
***
Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Позиция редакции может не совпадать с мнением авторов.
***
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан
***
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00426 от 30 апреля 2019 г.
***
Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции
***
Газета отпечатана в ООО «Феникс-пресс»: 368430, РД, Шамильский район, с. Хебда, ул. Сураката Асиятилова, д.1
***
При перепечатке материалов ссылка на «Нийсо-Дагестан» обязательна
***
Газета основана в августе 1990 г., выходила под названием «Голос народа»
С марта 2001 г. «Нийсо-Дагестан»
***
Газета выходит по четвергам
***
Время подписания в печать - 16.00
Фактическое - 16.00
ЗАКАЗ №